



Pou Piblikasyon Imedya: 17/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE NOUYÒKÈ POU YO JWI ESPÒ AK LWAZI
IVÈNAL YO APRÈ TANPÈT NÈJ MWA MAS LA**

***Mòn ak Konplèks Otèl yo Kouvri ak Frèch Nèj Anpoud pou Eskiyè ak Planchis ki
gen tout Laj yo***

***Belleayre, Gore ak Whiteface Rejwenn Pwogram M.A.X. Pass la epi yo Envite tout
Vwayajè Atravè tout Peyi a pou yo Vin Eskiye nan Santye Eski New York yo***

***Gouvènè a Raple Nouyòkè yo pou yo Al Amize yo nan 22èm Wikenn Anyèl Siwo
Erab la (Annual Maple Weekend) k ap Kòmanse Samdi a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te ankouraje rezidan ak vizitè yo pou yo al eksplòre pak, santye motonèj, konplèks otèl eski ak atraksyon anplennè New York ki gen kalib mondyal yo nan wikenn sa ki vini aprè tanpèt nèj ki te pote prèske 42 pous nèj nan zòn Rejyon Nò New York la. Gouvènè a te anonse tou twa konplèks otèl eta posede yo – Belleayre Ski Resort, Gore Mountain ak Whiteface Mountain – te rejwenn Pwogram Eksperyans Plizyè Alpen an (Multi Alpine Experience Pass, M.A.X. Pass), k ap pote plis eskiye ak planchis ki soti toupatou Ozetazini ak Kanada pou yo vin fè eksperyans estasyon eski New York yo.

“New York genyen anpil douzèn konplèks otèl eski ak anpil milye chantye eski ki byen swaye pou monte motonèj, fè mach a rakèt (snowshoeing) ak plis toujou, epi apre dènye tanpèt nèj ki pote jiska twa pye nèj nan rejyon atravè tout eta yo – pa gen yon meye moman pou nou adopte freda a epi pwofite jwi lwazi ivènal nan Empire State la yo,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Mwen ankouraje tout moun pou yo al fè eksperyans destinasyon eski New York ki gen kalib mondyal yo, pandan y ap pwofite jwi bon jan kalite siperyè pwodwi alimantè ak bwason nou yo ak amizman fanmilyal yo ka jwenn nan chak kominote nan eta a.”

Gen 51 konplèks otèl nan New York – sa ki plis pase tout lòt eta nan peyi a yo, epi eta posede twa konplèks otèl eski ladan yo. Semèn sa a Whiteface Mountain te resevwa plis pase 40 pous nèj, Belleayre te rapòte 36 pous nèj epi Gore Mountain te resevwa 29 pous ototal.

Lòt konplèks otèl eski atravè eta yo te rapòte prèske menm valè a. Nan Catskills, Hunter Mountain te resevwa 43 pous nèj, alòske Windham Mountain ouvri 46 santye apre yo te resevwa 30 pous frèch nèj anpoud. Nan rejyon North Country a, Titus Mountain nan Malone te resevwa 50 pous nèj epi yo ouvri 38 santye. Song Mountain ak Toggenburg Mountain nan Santral New York yo chak te resevwa plis pase 30 pous nèj, alòske konplèks otèl Greek Peak Mountain Resort la te wè 28 pous. Nan Rejyon Lwès New York, Bristol Mountain ak Holiday Valley yo chak te resevwa 20 pous nèj frèch.

Pwogram M.A.X. Pass la

Gouvènè Cuomo te anonse tou Belleayre Ski Resort, Gore Mountain ak Whiteface Mountain te rejwenn pwogram Multi Alpine Experience Pass la. M.A.X. Pass bay eskiyè ak planchis yo aksè a 40 mòn atravè Amerik Dinò a.

Intrawest, Powdr Corps ak Boyne te kreye l pou yo ankouraje vizit eski atravè tout peyi a yo, detantè pas yo resevwa senk jou nan chak 44 konplèks otèl k ap patisipe san pa gen dat entèdiksyon. Li bay yo fleksibilite pou yo eski kote ak lè yo vle tou, pandan y ap fè eksperyans mòn inik ak bann seri tèren enkwayab atravè Amerik Dinò a. Pou plis enfòmasyon sou M.A.X. Pass la, vizite sitwèb swivan sa a, www.belleayre.com, www.goremountain.com ak www.whiteface.com.

Eski Randone ak Mache a Rakèt

Nou ankouraje rezidan ak vizitè yo pou yo pwofite nèj frèch la epi jwi sèn peyizaj yo lè yo ale nan Pak ak sit Istorik Eta New York yo. Gen plis pase 3,219 km santye pou yo fè eski randone ak mach a rakèt nan New York. Lokasyon te disponib an kèk lokalite epi nou ankouraje vizitè yo pou yo rele alavans pou disponibilite.

Lwazi ivènal ak santye ak pèsònèl Pak Eta yo rekòmande yo disponib [isit la](#).

Anplis de sa, eskiyè randone ak machè a rakèt yo ka jwi lwazi ivènal yo nan [Wikenn Ivènal Camp Santanoni \(Camp Santanoni Winter Weekend\)](#) le 18 ak 19 Mas. Wikenn sa a se dènye wikenn Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta a (State Department of Environmental Conservation) pral òganize evènman Wikenn Ivènal Camp Santanoni an epi y ap ouvri pwopriyete istorik nan Adirondacks pou piblik pou opòtinite rekreyasyonèl.

Zòn lan te resevwa twa pye nèj semèn lan epi pèsònèl DEC ak volontè yo ap travay pou yo byen swaye santye a pou vizitè yo. Kondisyon santye ak meteyo pral ekselan pou eski, mach a rakèt, ak aktivite anplennè yo. Vizitè ki vini nan sit istorik Adirondack Great Camp ka eski oswa fè mach a rakèt sou uit kilomèt soti nan Gate Lodge Complex rive nan Main Lodge Complex sou wout orijinal kalèch. Yo dwe mete eski oswa mach a rakèt sou santye. Pral gen rakèt nan Gate Lodge la.

Monte Motonèj

New York gen 16,898 kilomèt santye pou motonèj, plis pase 230 klèb motonèj yo ki byen swaye ak byen mentni. Kominote fàn moto nèj eta a jenere yon enpak ekonomik

total \$868 milyon, daprè yon etid ki te fèt nan ane 2011 pa State University nan Potsdam. Pou jwenn plis enfòmasyon sou monte moto nèj, ki gen ladan enskripsyon sou entènèt pou tout moun an deyò eta a yo ki renmen monte motonèj yo, oswa plis [isit la](#).

Pou plan santye motonèj New York yo, vizite www.nysnowmobiler.com oswa kontakte klèb motonèj lokal yo pou tcheke dènye kondisyon santye yo.

22èm Wikenn Anyèl Siwo Erab yo

Bò pis ak santye eski yo, 22èm Wikenn Siwo Erab New York k ap kòmanse samdi sa a, 18 Mas avèk prèske 170 fèm siwo erab atravè eta yo k ap ofri vizit ak dejene pancake, k ap vann pwodwi siwo erab bon gou ak demonstrasyon pwosesis pou fè siwo. Odela vizit ak goute yo, aktivite fèm k ap patisipe yo ka gen ladan monte cheval ak charyo yo, mach a rakèt ak mach gide. Yon lis ou ka fè rechèch sou evènman Wikenn Siwo Erab la disponib nan www.MapleWeekend.com.

Vwayaj ivènal yo responsab pou 21 pousan nan touris total New York, sa ki ap konte pou plis pase \$13 milya nan depans dirèk vizitè yo an 2015. W'ap jwenn plis enfòmasyon sou touris ivènal nan Eta New York ki disponib nan www.iloveny.com/winter ak sou aplikasyon mobil gratis I LOVE NEW YORK, ki disponib pou telechaje sou iTunes ak nan magazen aplikasyon Google Play yo oswa nan www.iloveny.com/mobile.

Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development Howard Zemsky te di, “Lè nèj tonbe, vrèman gen yon bagay pou tout moun nan Eta New York – soti nan eski ak fè planch a nèj nan sant eski ki gen kalib mondyal pak ak atraksyon ki satisfè bezwen familyal. Wikenn sa a, mwen ankouraje Nouyòkè ak vizitè pou jwenn tan pou yo jwi youn, oswa plizyè nan bann aktivite ak destinasyon ki atravè eta a.”

Komisè DEC a, Basil Seggos te di, “Wikenn sa a se yon bèl opòtinite avèk kondisyon pafè pou vizitè yo jwi lwazi anplennè ivènal yo ak fanmi ak zanmi yo pandan yo nan milye natirèl fòmidad Adirondacks ak Catskills yo. Evènman tankou sila sa nan kad efò Gouvènè Cuomo ak DEC pou travay ak kominote lokal yo pou ogmante touris ak aktivite ekonomik lè nou ekspeze rejyon natirèl remakab Eta New York sa yo. Ogmantasyon popilarite Wikenn Ivènal la te pote anpil nouvo vizitè nan rejyon North Country a epi nou ankouraje tout moun pou vini wikenn sa a epi pwofite aktivite ivènal ak opòtinite obzèvasyon yo.”

Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Rose Havey te di, “Pa kite move tan ivè a fè w pa vizite pak eta ak sit istorik yo. Yo ofri aktivite familyal pandan tout ane a, epi ou ka sezi wè tout fason inik ou ka jwi bèl aktivite anplennè kote gen nèj yo.”

Direktè Jeneral Asosyasyon Motonèj Eta New York la (New York State Snowmobile Association), Dominic Jacangelo te di, “Byenke trè gwo tanpèt nèj te antrene enkonvenyan pou anpil moun, li te founi bèl opòtinite pou ou jwi meyè espò ivè

Rejyon Nò New York yo gen pou l ofri yo. Fè yon vwayaj al vizite Rejyon Nò New York la epi jwi anpil milye kilomèt santye motonèj ki te reouvri soti Niagara rive Plattsburgh. Nèj ki sot tonbe ta konsa a nan sezon an kreye kondisyon pafè pou plizyè santye ki gen plis pase trant pous nouvo nèj nan plizyè rejyon.”

Prezidan Asosyasyon Eski New York la (Ski Association of New York), Scott Brandi te di, “Ant nèj ki tonbe semèn sa a ak kèk zòn k ap atann plis toujou pandan wikenn sa a, nou di byenveni a tout eskiyè ak planchis yo pou yo vin jwi frèch nèj anpoud la nan plis pase 50 konpleks otèl eski New York yo. Ou ka jwenn yon zòn estasyon eski nan New York nan lespas dezèdtan nan rejyon metro andeyò Long Island yo, ki vle di ou ka eski plis, epi kondwi mwens lè ou ale sou pis eski yo nan wikenn lan.”

Prezidan/PDG Pwovizwa ORDA (Olympic Regional Development Authority) ak Direktè Jeneral Gore Mountain Mike Pratt te di, “Nou kontan anpil pou nou kapab pou mennen detantè M.A.X. Pass New York yo. Sa a se yon trè bèl opòtinite pou entwodwi antouzyas espò ivènal yo ki gen dwa paka dekouvri eski nan Belleayre, Gore, Whiteface ak Eta New York nan lòt fason. Nou kontan pou nou jwenn piblisite ak petèt nouvo vizitè ki soti Vermont, New Hampshire, Massachusetts, Maine, Canada yo. Pwogram sa a bay eskiyè yo ak planchis yo anpil opsyon pou yo vizite nenpòt nan twa konplèks otèl sa yo.”

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418